

**Prezidan Henry B. Eyring**  
Premye Konseye nan Premye Prezidans lan



# Kontantman pou Sila Nou Renmen Yo

**N**ou tout vle kontantman pou moun nou renmen yo, e nou vle minimòm lapenn pou yo ke posibil. Lè n ap li istwa kontantman—ak istwa lapenn—yo nan liv Mòmmon an, kè nou vibre pandan n’ ap panse ak moun nou renmen yo. Men yon vrè istwa konsènan yon tan kontantman:

Epi, se te konsa, pa t gen chirepit nan peyi a, poutèt lanmou Bondye ki te nan kè pèp la.

“Epi pa t gen anvi, ni mètdam, ni lobo, ni idolatri seksyèl, ni manti, ni asasina, ni okenn kalte anvi sal; e reyèlman pa t kapab gen yon pèp ki pi kontan nan pami tout pèp men Bondye te kreye.”

Après nou li:

“Epi yo te beni anpil! Paske Senyè a te beni yo nan tout zèv yo; wi, yo te beni, e yo te pwospere jistan sandis ane te pase; e premye jenerasyon depi epòk Kris la te pase, e pa t gen chirepit nan tout peyi a” (4 Nefi 1:15–16, 18).

Disip eman Kris la priye epi yo travay pou yon benediksyon konsa pou lòt moun e pou tèt pa yo. Apati istwa nan Liv Mòmmon an, e pou anpil nan nou, atravè pwòp eksperyans nou, nou konnen nou kapab rive atenn kado kontantman an. Nou konnen chemen pou kontantman an byen make. Nou konnen tou ke li pa fasil pou nou kenbe kontantman amwenske, menm jan avèk Nefit yo apre vizit Sovè a, “lanmou Bondye” rete nan kè nou.

Lanmou sa a te nan kè Nefit yo paske yo te respekte lwa ki te fè sa posibil la. Nou jwenn yon rezime lwa sa a

nan priyè sentsèn yo, ki kòmanse avèk yon priyè sensè a Papa Nou Ki Nan Syèl la. Nou priye avèk yon kè plen lafwa nan Sovè pèsonèl nou an, ak yon lanmou pwofon pou li. Nou pran angajman avèk entansyon reyèl pou nou pran non Li sou tèt nou, pou nou sonje li, epi pou nou respekte tout kòmandman Li yo. Finalman, nou egzèse lafwa ke Sentespri a, twazyèm manm Divinite a, kapab toujou avèk nou, pou temwanyè kè nou de Papa a avèk Pitit Gason Byeneme a. (Gade D&A 20:77, 79)

Avèk konpayi Sentespri a, kè nou kapab chanje pou fè nou vle ak akeyi lanmou Papa Nou Ki Nan Syèl La ak Senyè a, Jezikri. Fason pou nou resevwa lanmou Bondye nan kè nou an senp, menm jan avèk fason pou nou pèdi santiman lanmou sa a nan kè nou an. Pa egzanp, yon moun gen dwa chwazi pou l priye Papa nou ki nan Syèl la mwen souvan, oubyen pa peye yon dim konplèt, oubyen sispann fete ak pawòl Bondye a oubyen pa okipe pòv yo ak moun ki nan nesite yo.

Nenpòt chwa pou nou pa kenbe kòmandman Senyè a kapab lakoz Lespri a retire kò l nan kè nou. Avèk pèt sa a, kontantman nou diminye.

Kontantman nou ta renmen pou pwòch nou yo depann de chwa yo. Kèlkeswa jan nou renmen yon timoun, on investigatè, oubyen zanmi nou, nou paka fòse yo respekte kòmandman yo pou yo ka kalifye pou Sentespri a touche epi chanje kè yo.

Konsa, pi bon èd nou kapab bay se bay tout sa ki ka pouse moun nou renmen yo fè atansyon ak pwòp chwa pa yo. Alma te fè sa avèk yon envitasyon ou ta ka bay:

“Imilye tèt nou devan Senyè a, epi rele non li, veye e priye tout tan, pou nou kapab pa tante plis pase nou kapab sipòte, e konsa, pou Lespri Sen an dirije nou pou nou kapab vin enb, dou, soumi, pasyan, chaje avèk lanmou ak andirans;

“Pou nou gen lafwa nan Senyè a; pou nou gen on espwa ke n’ap resevwa lavi etènèl; pou nou gen lanmou Bondye nan kè nou tout tan pou nou kapab leve nan dènnye jou yo, epi antre nan repo li” (Alma 13:28–29).

Mwen priye pou moun nou renmen yo ka akspete envitasyon enspire pou yo chwazi chemen kontantman dirab la.

## ANSÈYMAN NAN MESAJ SA A

Prezidan Eyring anseye ke kontantman nou santi nan lavi a depann de desizyon nou pran yo. Pandan w ap pale sou mesaj sa a, panse pou w konsantre sou sa Prezidan Eyring di nou kapab chwazi pou n fè yo (tankou priye, travay, egzès lafwa, epi angaje tèt nou avèk entansyon reyèl) pou dirije nou sou chemen kontantman sa a. Ou kapab envite moun w ap anseye yo pou yo ekri de oubyen twa aksyon yo ta renmen fè ki kapab pi byen dirije yo al nan “chemen kontantman dirab la.”

## JÈN YO

### Aksyon ki mennen nan kontantman

**P**rezidan Eyring ansenye ke “kontantman nou vle pou moun nou renmen yo depann de chwa yo.”

Ou ka li konsènan konsekans chwa nou yo nan egzanz Nefi, Laman ak Lemyèl. Laman ak Lemyèl te plenyen e yo pa’t vle respekte kòmandman yo (gade 1 Nefi 2:12). Kòm konsekans, yo menm avèk desandan yo te modi e Senyè a te rejte yo nan prezans li (gade 2 Nefi 5:20–24). Nefi te chwazi pou l te obeyi kòmandman yo (gade 1 Nephi 3:7), epi poutèt sa, li menm ansanm avèk pèp li a “te viv nan bonè” (2 Nefi 5:27).

Ou ka chwazi pou ou mache dwat devan bondye epi gen kè kontan. Men moun bò kote ou ka petèt toujou fè move chwa ki mennen yo nan mizè oubyen malèz. Pandan ke desizyon sa yo se yo menm ki pou pran yo, egzanz nou ka enfliyanse yo fè bon chwa. Nan ki fason chwa pa nou ka pote bonè pou lòt moun? Diskite avèk fanmi ou sou diferan fason ou ka pozitivman enfliyanse moun bò kote ou epi ede yo santi kè kontan.

## TIMOUN YO

### Tach Jantiyès La

**L**è Jezi te vizite moun yo sou kontinan Ameriken an, Li te ansenye yo pou youn renmen lòt epi pou yo janti. Kisa w ka fè pou w suiv Jezi ak pou w renmen lòt moun? Men kèk ide. Tcheke chak tach amezi w ap avanse.

- M kapab anbrase yon moun ki tris.
- M kapab rann yon moun sèvis an sekre.
- M kapab li oubyen gade yon mesaj konferans sou jantiyès.
- M kapab chante yon chan Primè pou fanmi mwen.
- M kapab souri bay yon moun ki sanble l gen solitud.
- M kapab \_\_\_\_\_.
- M kapab \_\_\_\_\_.



# Fanmi: Yon pwoklamasyon pou mond lan

*Etidye materyèl sa a nan lapriyè epi chèche konnen kisa pou w pataje. Kòman konpreyansyon doktrin fanmi an ap veje sou yo a travè vizit nan fwaye yo? Pou plis enfòmasyon, ale nan [reliefsociety.lds.org](http://reliefsociety.lds.org).*

Lafwa, Fanmi, Sekou

Apwopo reyinyon jeneral Sosyete Sekou an 1995 la, kote Prezidan Gordon B. Hinckley (1910–2008) te premye li: “Fanmi: Yon Pwoklamasyon pou Mond lan,” Bonnie L. Osarson, prezidant general Jènfi yo, di: “Nou te rekonesan pou klate, senplisite, ak verasite dokiman revelasyon sa a. . . . Pwoklamasyon sou fanmi an vin yon referans pou nou jije filozofi mond lan, e mwen temwanyen ke prensip ki ladan l yo . . . se verite jodi a menmjan yo te verite lè yon profèt Bondye te banou l yo sa gen prèske 20 tan an.”<sup>1</sup>

Carole M. Stephens, premyè konseyè nan prezidans jeneral Sosyete Sekou a te ajoute: “Nan Pwoklamasyon sou fanmi an, nou aprann ke nan lavi premòtèl la, pitit gason ak pitit fi lespri yo te konnen Bondye e yo te rekonèt Li kòm Papa Etènèl yo epi yo te adore li.”<sup>2</sup>

“. . . Nou tout fè pati fanmi Bondye a epi yo bezwen nou ladan li.”<sup>3</sup>

N ap viv nan yon tan kote paran yo dwe pwoteje fwaye yo ak fanmi

yo. “Fanmi: Yon Pwoklamasyon pou Mond lan” kapab gide nou.

## **Ekriti adisyonèl**

Mozya 8:16–17;

Doktrin ak Alyans 1:38

## **Istwa Vivan**

“Lee Mei Chen Ho ki soti nan twazyèm pawas Tao Yuan lan, nan Pye Tai Yuan, Taiwan nan te di pwoklamasyon an te aprann li ke relasyon famiyal ede devlope karakteristik diven tankou lafwa, pasyans, ak lanmou. Li te di: ‘Lè m eseye amelyore tèt mwen selon pwoklamasyon an, mwen kapab jwenn vrè kontantman.’<sup>4</sup>

Barbara Thompson, ki te la lè yo te li pwoklamasyon an pou lapremyèfw a epi ki nan apre te vin sèvi kòm konseyè nan prezidans jeneral Sosyete Sekou a, te di: ‘M te panse pandan yon ti moman ke [pwoklamasyon sou fanmi an] pa t twò konsèn m paske m pa t marye e m pa t gen pitit. Men prèske tousuit

apre, m te vin panse: “Men li konsèn mwen. Mwen se manm yon fanmi. Mwen se yon pitit fi, yon sè, yon matant, yon kouzin, yon nyès, yon pitit pitit fi. . . . Menm si m sete sèl manm vivan nan fanmi mwen, m toujou yon manm nan fanmi Bondye a.’”<sup>5</sup>

## **NÒT**

1. Bonnie L. Osarson, “Defansè Pwoklamasyon Fanmi an,” *Liahona*, Me 2015, 14–15.
2. “Fanmi: Yon Pwoklamasyon pou mond lan,” *Liahona*, Nov. 2010, 129.
3. Carole M. Stephens, “Fanmi an Soti nan Bondye,” *Liahona*, Me 2015, 11.
4. Nicole Seymour, “Fanmi: Yon Pwoklamasyon pou Mond lan atenn 10 zyèm ane li,” *Liahona*, Nov. 2005, 127.
5. Barbara Thompson, nan *Pitit Fi nan Wayòm Mwen an: Istwa avèk travay Sosyete Sekou* (2011), 148.

## **Panse Sou Sa**

Kijan “Fanmi: Yon Pwoklamasyon pou mond lan” se yon dokiman pou epòk pa nou an?